



Jen 2020

Chè Fanmi,

Lekti pandan ete enpòtan anpil pou kontinye aprantisaj ak pèmèt imajinasyon w vwayaje! Nou kontan anpil pou n mete deyò plis liv elektwonik ak liv odyo pou moun tout laj, ki disponib gratis nan sezon ete sa a pou tout fanmi DOE, epi li pi fasil pou gen aksè nan liv sa yo. Tanpri kontinye li pou jwenn plis enfòmasyon, epi ale sou schools.nyc.gov/summerreading pou jwenn plis detay y ap afiche Lendi 29 jen.

Li avèk Sora!

Lektè liv elektwonik Sora gen yon ansanm divèsifye tankou santèn resous disponib pou klas 3K-12 nan plizyè lang pou ede elèv yo wè tèt yo ak elèv parèy yo nan liv y ap li yo. Ou ka download yon aplikasyon nan aparèy elektwonik ou a oswa jwenn aksè ladan yo atravè yon navigatè sitwèb. Sèlman sa w gen pou fè se log in avèk ID elèv DOE w la; li pa nesèsè pou fè okenn lòt fòm enskripsyon . Tanpri ale sou discover.sora.com/nyc pou kòmanse.

Si w bezwen èd pou jwenn login DOE elèv ou a? Klike [la a](#). Si w te resevwa yon iPad nan men DOE, yo pral enstale app Sora a ladan otomatikman avan lye jiyè!

Ou ka ale tou nan galepages.com/nycdoe11 pou gen aksè nan plis tit liv elektwonik ak bazdone Sistèm bibliyotèk Vil Nouyòk (New York City School Library System) bay la. Pou gen aksè nan liv elektwonik nan nenpòt lòt adrès ak bazdone andeyò Eta Nouyòk, tanpri voye yon imèl bay libraries@schools.nyc.gov pou username ak modpas la.

Tanpri sonje kèk resous sa yo ka disponib sèlman nan lang anglè; nou pral kontinye fè efò pou mete plis resous disponib nan lang natifnatal.

Pwofite resous sistèm bibliyotèk leta a tou!

Sistèm bibliyotèk leta Vil Nouyòk la bay tou resous ak aksè dijital gratis pou platfòm leson patikilye, Brainfuse, nan aparèy ki gen entènèt, pami yo tout iPad DOE bay yo.



- Brooklyn Public Library. Pou jwenn yon eCard Brooklyn Public Library, ranpli fòm sa a nan Bklynlibrary.org
- New York Public Library sèvi Bronx, Manhattan, ak Staten Island. Pou w jwenn yon kat dijital New York Public Library atravè app SimplyE gratis la, tanpri ale sou NYPL.org.
- Queens Public Library. Pou jwenn yon eCard Queens Public Library, ranpli fòm sa a nan QueensLibrary.org.

Nou swete w fè anpil lekti pandan ete a.

Respè

Linda Chen
Direktè akademik anchèf